

Ann entwodi yon teyoloji ki pratik nan kontèks yon Evanjelizasyon Episkopalyen

Pou Episkopalyen yo jodi a, evanjelizasyon se manman koze a. Nan konvansyon Jeneral 2015 Ian, Evèk an Chèf ki eli a, Michael Curry, te pwomèt pou li te sèvi kòm C.E.O sètadi Ofisyè Evanjelizasyon ki an Chèf la. Sa li pataje avèk nou se yon vizyon pou yon legliz total ki byen oryante nan pwoklamasyon ak enkòporasyon bon nouvèl Jezikri a.

Etan yon branch Episkopalyen nan mouvman Jezikri a, nou la pou nou suiv Jezikri epi ede lemonn antye devlope nan renmen, nan liberasyon, epi nan etabli yon relasyon ant nou menm ak Bondye, ak lòt moun, epi ak anviwonman an pou lavi diran. Evanjelizasyon se youn nan ministè ki pi enpòtan nan Mouvman an—se nan sa nou kab konsakre tèt nou pou nou devlope relasyon ak Bondye ki chita sou renmen, ki libere nou, e ki bay lavi tou pandan n ap akonpaye vwazèn nou yo epi kominote nou yo nan vwayaj sa a.

Ki sa yon pratik evanjelizasyon Episkopal ye egzakteman? Daprè labib se yon mo ki soti nan mo grèk *evangélion*, ki vle di levanjil oubyen bon nouvèl. (al nan Mak 16:15). Avèk Lagrann Komisyon, Jezikri te voye disip li yo pou yo te al fè lòt disip toupatou, batize yo, epi anseye yo pou yo suiv kòmannman li yo (Matye 28:16-20). Nan Kontra batèm nan, nou pwomèt “pou nou pwoklame egzanp Bon Nouvèl la epi bay egzanp Bon Nouvèl Bondye a nan Kris la.” Epitou “se pou nou chache sèvi Kris la nan rapò n ak tout moun, epi renmen pwochen nou yo menm jan nou renmen tèt nou” (Liv priyè abityèl yo paj 305: Book of Common Prayer, 305).

Men yon definisyon pratik manm Ekip pou Inisyativ Evanjelizasyon Evèk an Chèf yo prepare ansanm, se yo ki fòme yon Gwoup travay k ap chèche fason yo kab benefisyè nan itilizasyon medya sosyal yo pou fè Evanjelizasyon, ak anpil lòt patenè tou: Nou ap chache, n ap nonmen non Jezikri epi n ap selebre bèle prezans li nan istwa tout moun gen pou yo rakonte—apre sa nou envite tout moun vin fè yon bagay ANPLIS. #Evanjelizasyon Episkopalyen

Note sa se longè yon tweet li ye. Nou panse pi bon fason pou nou pratike evanjelizasyon se itilize metòd moun itilize pou yo kominike chak jou yo. Men gen anpil lòt bagay pou n pataje epi pou n aprann, ann kòmanse detaye yo :

Evanjelizasyon Episkopal. Nou menm nan legliz la se kounye a nou kòmanse ap anbrase mo “evanjelizasyon” an. Evanjelizasyon episkopal la se pa yon fonksyon otorité li ye. Se pa yon zouti li ye pou fè moun konvèti, oubyen vin manm legliz la, oubyen jwenn plis pwomès nan men moun pou legliz la. Nan nannan li, Evanjelizasyon episkopal la se yon pratik espirityèl. Lè nou pratike li, nou enkòpore vrè pratik Jezikri a nan lemonn (yon fason ki aktif); e Lesprisen an ap ranpli nou pou nou kapab sanble ak Kris la pi plis (nou chak nan fason pa nou). Sa bay anpil kè kontan pou nou pataje sa nou konnen ki bon nouvèl la e ki laverite pwofon an tou, nan kontèks yon selebrasyon travay Bondye nan lavi lòt moun epi nan lemonn. Sa se yon bagay ki grandi akoz de esperyans nou fè ak renmen Bondye a ki ap vide sou nou epi ki ap vide anndan nou, tèlman gen renmen renmen an ap kole sot anndan nou nan istwa n ap rakonte epi nan selebrasyon n ap fè yo.

Chèche Jezikri. Etan Episkopalyen, nou pwomèt pou “nou chèche Jezikri epi pou nou sèvi li nan rapò nou ak tout moun.” “Nou pwomèt pou nou koute Bondye nan lòt moun sa se montre bon jan lafwa. Nou ap oze met kò n deyò etan detektif, ki kirye toutbon epi pou nou

¹ Se yon adaptasyon David Gortner ak Stephanie Spellers fè nan “Bon Nouvèl la toupatou-Good News Everywhere: Yon teyoloji pratik pou Evanjelizasyon ak Medya Sosyal,” yon publikasyon Steve Pankey, Andy Doyle, David Gortner, Nick Knisely ak Stephanie Spellers, ki manm Legliz Episkopal la nan Gwoup travay k ap chèche fason yo kab benefisyè nan itilizasyon medya sosyal yo nan evanjelizasyon. Yo te pibliye vèsyon yo adapte a an Me 2017 nan Vestry Papers ki pou Fondasyon Legliz Episkopal la.

kwè n ap jwenn Lesentespri toutbon vre, epi Bondye pran devan nan tout kote n ap pase epi l ap travay nan lavi chak moun.

Non. Evanjelizasyon se pale de bon nouvèl Bondye a. Sa mande pou nou pale epi pou nou mete tout ladrès lapawòl nou genyen deyò. Se yon bagay ki kab byen senp: “Ou konnen, mwen tande Bondye atravè travay l ap fè nan lavi w nan istwa ou rakonte sou wou ak fanmi wou nan jan ou menm ak fanmi ou jere sitiyasyon sa a.” Se pi gwo fòs espirityèl ki genyen nan evanjelizasyon—lè w rakonte kouman Bondye bon epi kouman li preznan lavi moun, epi lè w fè yon jan pou yo wè prezans Bondye devan je yo. Si nou pa site non Bondye kòm moun nou wè anfas nou, moun ki bò kote nou gen dwa pa janm konn sa.

Selebrasyon. Lè nou chache chemen Jezikri epi nou wè prezans li nan lavi nou, sa ba nou ankourajman, nou gen redevans, sa sippenn nou epi sa fè kè nou kontan, tankou vèv la ki te jwenn pyès kòb li te pèdi a epi pran lari pou l di: “Vin fete avè m!” (Lik 15:8-10). Se pa nayif nou nayif si nou ap selebre kon sa. Mande moun ki batay pou liberasyon, epi yo va di w moun ki gen matirite nan lavi kretyen yo selebre chak fwa yo respire – se pa nan ponpe sèlman, men ak pawòl ankourajman ki di “viv” lavi epi viv Bondye.

Prezans renmen Jezikri a. Nou se Kretyen ki kwè nan lasent trinite: Papa a ki kreye nou an nan renmen li a, Pitit la sove nou ak renmen li a, Lesprisen an ki ap soutni nou nan renmen. Anpil nan nou ezite pale moun de Jezikri petèt paske nou pè yo ba nou etikèt. Nou se disip Jezikri, e n ap suiv modèl li a li menm ki te Bondye pamí nou tout. Li te revele pi gwo enkanasyon Lesentespri ki te janm met pye sou latè a. Nan evanjelizasyon nou an, nou envite moun pou yo chache dekouvri plis bagay sou lavi a gras ak Jezi. San Jezikri, pa gen evanjelizasyon.

Istwa chak moun ap rakonte. Nan nannan lafwa kretyen nou gen yon kokenn chenn istwa, seri istwa sou sa Bondye ap kreye, sou travay redanmsyon nan labib, espesyalman nan istwa Jezikri a. Nou tout nou fè pati kokenn chenn istwa sa a—nou tout nou fèt pòtre ak Bondye—men fò nou devlope kapasite nou pou nou chache Bondye, pou nou site non Bondye, epi selebre travay li nan lavi nou. Se pou nou pran abitid rakonte istwa bonte Bondye nan lavi nou—ekri yo nan kaye entim nou epi pratike yo ak lòt moun. Apre sa, mande lòt moun pou yo rakonte istwa pa yo. Se yon bèl fèt lè nou byen resevwa istwa pa lòt moun nan lavi nou. Pataje pwòp istwa pa w epi fè l konekte ak istwa ki nan labib la.

Envite tout moun pou yo vin dekouvri yon bagay ANPLIS. Evanjelizasyon se plis pase kenbe yon konvèrsasyon ak yon moun, oubyen fè zanmi, oubyen koute lòt moun. Nan selebre bon nouvèl prezans renmen Jezikri nou jwenn yon bagay ki enspire nou al dekouvri yon bagay ANPLIS. Nou pap fè moun tounen yon pwojè oubyen yon bagay. Envite yon moun pou nou fè yon lòt konvèrsasyon (“Èske nou ka rankontre ankò?"), fè plis refleksyon ansanm (li labib, li liv, li pwezi, gade video oubyen fim) ouswa plis rankont kominotè pou kretyen (sèvis, lyezon kominotè, gwoup detid, konekte ak lòt moun ki gen menm enterè ak ou). Sa a kab yon envitasyon pou rive fè moun wè travay Bondye nan yo, nan nou menm, epi nan lemonn. Evangelis Episkopal yo se pa reklam y ap fè pou Jezikri ni pou legliz, ni tou nou pa responsab pou nou fè moun suiv Jezikri. Mouvman sa a se yon mouvman ki rete nan men Lespri Sen an. Men tou, plis nou ann akò ak prezans Jezikri nan lavi n, se plis n ap fè yon esprityans ki ap montre nou renmen li nèt ale, epi ki ap libere nou tou epi ki ap ede n devlope yon relasyon ak Bondye ki bay lavi, se yon sansasyon ki vle anvayi nou. Se sa yo rele evanjelizasyon an.